ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER
SMP NEGERI 2 JATISARI
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Mata Pelajaran : BAHASA SUNDA
Nama :
Kelas : IX

Pilihlah jawaban yang paling tepat dengan memberikan tanda (X) silang!

Pikeun soal 1-5!

BABAGIAN	EUSI BIANTARA
1	Assalamualaikum Wr. Wb
2	Nu dipihormat réngréngan déwan juri lomba biantara basa sunda. Nu dipikareueus ku sim kuring, Para kanca mitra sadaya, pamilon lomba
3	Alhamdulillah puji sukur urang sanggakeun ka Gusti nu Maha Suci Solawat sareng salam urang sanggakeun ka jungungan nabi urang sadaya nyaéta nabi Muhammad SAW
4	Kanca Mitra Sadaya
5	Numutkeun Pa Nano S. dina seratanana nu dimuat dina Manglé, teu saéutik jalma nu tadina basangkal gaul dina Seni Sunda barobah 180 darajat jadi jalma nu lemes budi parangina, sarta heman ka sasama. "Seni Sunda mampuh ngarobah jalma nu badéur jadi bageur".
6	Bobo sapanon carang sapakan. Hapunten bilih seueur kalepatan. Amit mundur amit mungkur.
7	Wassalamualaikum Wr. Wb

1. Dina gambar diluhur mana nu nujukeun eusi biantara?
   a. (1) b. (3) c. (5) d. (7)
2. Dina gambar diluhur mana nu babagian bubuka biantara?
   a. (3) b. (2) c. (1) d. (4)
3. Nu di maksud salam pangwilujeung aya di nomor baraha?
   a. (1) b. (2) c. (3) d. (5)
4. Nu dimaksud salam panutup aya di nomor……
   a. (5) b. (4) c. (7) d. (6)
5. Nu dimaksud panutup biantara aya di nomor….
   a. (7) b. (3) c. (6) d. (5)
6. Naon nu dimaksud ku biantara?
   a. Ngarahkeun jelema ka hiji tempat
   b. Nyarita di hareupeun balarea.
   c. Nulis carita keur dibaca
   d. Nyieun gambar ka balarea

7. Tujuan tina biantara nyaéta...
   a. Nyieun hal-hal anu pikasieuneun
   b. Nepikeun informasi ka balarea
   c. Ngalamun di hareup balarea
   d. Ningalikeun kakuatan pribadi

8. Nalika urang rék nutup biantara, naon anu kedah dipidangkeun?
   a. Nyalahkeun hadirin upami henteu ngartos
   b. Nepikeun kesimpulan sareng hatur nuhun
   c. Ngomong tanpa mikir
   d. Nganyenyeri perasaan hadirin

LIVEWORKSHEETS

9. Kagiatan nyarita di hareupeun balarea disebut....
   a. Ngawadul b. biantara c. ngawih d. nembang
10. Najan kasebutna komunikasi langsung, tapi komunikasi dina biantara mah lumangsung...
   a. Dua arah b. saarah c. tilu arah d. patembal
11. Sakitu anu kapihatur. Boh bilih langkung saur hadé carék, bobo sapanon carang sapakan, hapunten anu kasuhun. Ungkara di luhur biasana dipaké dina bagian...
   a. Bubuka biantara b. panutup biantara c. salam biantara d. eusi biantara.
12. Téhnik biantara anu nyatetkeun heula gurat badag atawa hal-hal penting omongan anu rék ditepikeun disebut tehnik...
   a. Improtu b. Teknik nalar c. Ekstemporan d. Telknik maca
13. Biantara téh nya éta nyarita di hareupeun balaréa dina situasi nu resmi. Biantara pikeun mapag dina hiji acara disebut biantara pamapag, atawa biasana disebut...
   a. Papatah b. Sambutan c. Weujangan d. Guguritan
14. Téhnik biantara téh rupa-rupa. Biantara anu ngagunakeun téks sarta dibaca sakur nu aya dina éta téks, disebut... a. Tèhnik ngadadak b. Téhnik maca c. Téhnik nalar d. Tèhnik nyatetkeun inti
15. Pupuhu sami hartina jeung...
   a. Ketua b. Anggota c. Sekretaris d. Bendahara
16. Upama hidep dibéré pancén ku guru pikeun nulis naskah biantara, tuluy kudu diapalkeun kecap demi kecap sarta dibiantarakeun di hareupeun kelas kalayan teu maké téks. Téhnik biantara naon nu ku hidep dipaké?
   a. Tèknik Nalar b. Tèknik maca c. Improtu d. Èkstemporan
17. Kacai jadi saleuwi.
   Lengkepan paribasa di luhur...
   a. Kadarat jadi cai b. Kadarat saat c. Kadarat sauyunan d. Kadarat jadi salebak
18. Boh bilih langkung saur bahé carék, bobo sapanon carang sapakan. Ungkara di luhur mangrupa mamanis basa anu maksudna pikeun...
   a. Salam bubuka b. Mènta ide c. Mènta dihampura bisi aya ucapan anu teu merenah kadéngéna d. Uluk salam

19. Sora, lentong wirahma, nada, paroman, jeung pasang peta mangrupa hal anu kudu diperhatikeun dina waktu...
   a. Eusi biantara b. Wirahma c. Nepikeun biantara d. Paroman atanapi pasemon
20. Samémèh nulis biantara alusna mah dijieun heula rangkayna, pangpangna mah bagian eusina. Naon sababna?
   a. Sangkan pidatona narik pamirsa
   b. Sangkan gampang baca na
   c. Gampang ka hartos
   d. Gangkan dina ngamekarkeun eusi biantara téh henteu mancawura

LIVEWORKSHEETS